



**American
Red Cross**



SIS MWA APRE TRANBLEMANDTÈ A, NAP KONSTWI POU LAVNI

12 jiyè 2010

YON MESAJ PREZIDAN AK PDG A

Pandan dènye sis mwa ki pase yo, mwen fè twa vwayaj ann Ayiti, epi yo chak kite nan mwenmenm yon melanj lespwa ak dezespwa. Gen anpil gwo pwogrè ki fèt, epi kouraj pèp ayisyen an genyen nan moman difisil yo se yon bagay ki bay enspirasyon, men gen anpil bagay ki bezwen fèt toujou.

Koulyeya, moun mwen te wè ap mache nan lari Pòtoprens yo, apre tranblemandtè a, e ki pat gen pi plis pase chòk ak chagren yo te santi a, ap viv omwen swa anba prela oswa anba tant. Anplis, jodiya anpil ayisyen gen aksè a pwovizyon manje tout tan, dlo potab, ijyèn, epi nan kèk sikonstans, pi bon swen lasante pase sa yo te genyen anvan tranblemandtè a.

Epi nouvo pwogram Lakwa Wouj Amerikèn yo ap bay asistans finansyè ki pral bay fanmi ki, a yon moman kèlkonk, te kanpe nan liy distribisyon kap fèt pou pote sekou nan katastwòf la, ka achte kèk nan bagay yo pi bezwen yo, epi sa dwe bay ekonomi peyi a yon bourad.

Men pou chak siy espwa ki gen ann Ayiti, gen yon souvni tris ki fè moun sonje tout kantite bagay anplis ki rete pou fè yo.

Debri konble anpil ti lari a kote nan kapital Ayiti a. Tant ak prela kouvri prèske tout espas ouvè yo, epi kesyon pwopriyete teren yo toujou poko rezoud, ki fè rete yon ti espas tou piti pou bati tout kantite lojman tanporè ki nesèsè anpil yo. Epi menas krim ak epidemi enfeksyon maladi repann tout kote.

Nou konnen kriz la poko prèt pou fini epi pwosesis rekiperasyon an ap long e difisil. Ayiti ansanm ak pèp ayisyen an dwe rebati kay yo, ekonomi yo, sistèm sante yo, lekòl yo ak rezo transpò yo. Montan ki nesèsè pou rebati Ayiti a estime a apeprè \$12 bilyon dola. Nesèsite a depase enòmeman kapasite Lakwa Wouj genyen pou l rezoud pwoblèm lan poukont li, epi li mande efò kolektif gouvènman ak gwoup imanité yo toupatou sou latè.

Mwen vle asire tout moun ki te ban nou ak jenewozite yo, Lakwa Wouj Amerikèn ansanm ak rezo Lakwa Wouj Mondyal la ap fè tout sa ki miyò pou nou kapab ede tout kantite moun li posib pou ede ann Ayiti yo—epi lajan nou an fè yon gwo diferans. Lakwa Wouj Amerikèn depanse 91 santim nan chak dola misyon imanité nou an, epi nou depanse lajan yo bay kòm donasyon an pou pote sekou ak rekiperasyon ann Ayiti yon fason transparan e ak pridans. Lakwa Wouj Amerikèn ap ann Ayiti jiskaske dènye grenn dola donasyon an depanse, epi se gras a jenewozite ou, nap fè yon diferans nan lavi pèp Ayisyen an.

Gail McGovern


Prezidan ak PDG, Lakwa Wouj Amerikèn

—YON KOUDEY SOU DETAY YO—

Rezo Lakwa Wouj Mondyal la bay:

- Materyèl pou lojman nan kadijans pou 625.000 moun
- Sibvansyon lajan kach ak mikwo-anpren pou ede prèske 210.000 moun
- Dlo pou 280.000 moun chak jou
- Manje pou 1,3 milyon moun pou yon mwa
- Aktivite pou preparasyon pou katastwòf pou pwoteje 500.000 moun
- Swen medikal ak/oswa edikasyon sou lasante pou 435.000 moun
- Lojman semi-pèmanan pou loje 165.000 moun
- Latrin pou 238.000 moun
- Pwovizyon pou kadijans pou 125.000 pou moun itilize pandan sezon siklòn lan

Fon pou Entèkansyon Lakwa Wouj Amerikèn nan Tranblemandtè Ayiti a



Lakwa Wouj Amerikèn resevwa \$468 milyon dola donasyon jiska prezan. Chema sa a montre \$148,5 milyon dola ki depanse jiska 12 jiyè 2010. Ladann nou pa konte \$71 milyon dola anplis tout moun dakò pou li a, epi kap negosye koulyeya a pou sipòte pwogram pou lojman tanporè ak asistans finansyè.

MIZAJOU SOU PWOGRAM LA

Lojman—Lojman semi-pèmanan pou 165.000 ayisyen. Piske lojman se yon priyorite prensipal, Lakwa Wouj Amerikèn swa depanse oswa siyen kontra pou depanse \$28,6 milyon¹ dola pou bay lojman semi-pèmanan pou yon premye gwoup 40.000 ayisyen. Nan pwochen semenn kap vini yo, nou espere siyen kontra pou yon lòt \$21 milyon dola anplis. Efò sa a fè pati yon pwomès rezon Lakwa Wouj Mondyal la fè pou bay lojman semi-pèmanan pou omwen 165.000 moun epi lojman pèmanan pou dèdizèn milye moun anplis. [Pou aprann plis enfòmasyon gade videyo sa a.](#) Konpayi ki patnè Lakwa Wouj yo ap bati lojman nan zòn andeyò kapital la--Leyogàn, Tigwav ak Jakmèl—kote ki

“Finansman Lakwa Wouj Amerikèn lan pèmèt nou sèvi pi plis fanmi toujou . . . pandan nap goumen pou nou mete pi plis ayisyen toujou nan pwèn pou yo jwenn lojman pèmanan.”

—Jonathan T.M. Reckford, PDG, Habitat for Humanity International

gen mwens debri ki rete pou netwaye epi pwopriyete teren yo pi fasil pou idantifye. Antretan, nan katye Site Solèy nan Pòtoprens lan, konstriksyon sou pye pou bati 300 lojman semi-pèmanan, ase pou 1.500 moun, nan sa yo rele, pi gwo pwojè lojman a grantechèl yon sèl òganizasyon antreprann nan kapital la. Lakwa Wouj ak patnè li yo deja depanse \$23 milyon dola pou bay plis pase 625.000 moun prela, tant ak zouti, san bliye plis pase 9.200 prela yo te bay kòm donasyon resaman pou yon kan òganizasyon aktè Sean Penn lan administre.

¹Pwogram lojman an se yon pwogram total ki gen ladan pri li koute pou latrin, sistèm ki enstale sou tèt kay pou ranmase dlo, ak opòtinite pou kach-pou-travay nan konstriksyon. Pou plis enfòmasyon sou patnè nou yi ki pa nan sistèm Lakwa Wouj Mondyal la, tanpri gade tablo ki nan paj 4 la.

Sèvis Sante—Plis pase \$9 milyon dola pou kenbe yon lopital ayisyen ouvè ak pou bay pwotèz pou moun ki fraktire yo. Lakwa Wouj Amerikèn rive bay dèmilye ayisyen sèvis medikal ak edikasyon sou sante ak ijyèn kominotè. [Pou aprann plis enfòmasyon gade videyo sa a.](#) Nan yon nouvo akò nou genyen ak Partners in Health, nap depanse \$3,8 milyon dola pou peye salè plis pase 1.800 doktè, enfimiyè ak lòt anplwaye ayisyen nan pi gwo lopital jeneral nan Pòtoprens lan. Anpil ladan yo pat touche depi anvan tranblemandtè a. Lakwa Wouj Amerikèn ap depanse tou \$1,8 milyon dola pou kenbe lopital Lakwa Wouj Alman gen nan peyi a ouvri pou malad yo, epi lap travay an patenarya ak Komite Entènasyonal Lakwa Wouj la pou bay \$1,4 milyon dola pou pwotèz ak sipò pou reyabilitasyon pou ayisyen ki fraktire yo. Sa se anpil lòt pwogram yo, epi Lakwa Wouj ap mete sou pye yon kanpay total pou edikasyon sou sante ak ijyèn kominotè koulye nan kanpay yo. Pwogram yo tout ansanm koute antou \$2,7 milyon dola.

Preparasyon pou katastwòf—Plis pase \$7 milyon dola pou redwi danje ak pou prepare pou dezaz. Ak sezon siklòn lan ki pral rive sou nou la a, Lakwa Wouj Amerikèn ap depanse milyon pou prepare moun ki pi nan nesosite yo—pifò ladan yo ap viv anba prela oswa anba tant—pandan sezon grav la. Rezidan, lokal ki nan pwogram kach-pou-travay Lakwa Wouj genyan an, pran pèl yo ak bourèt yo pou yo fouye twou egou, mete sak sab sou mòn apik yo epi simen gravye. Si ta gen yon siklòn ki frape peyi a, Lakwa Wouj ap mete pwovizyon pou kadijans anplas davans nan 10 vil toupatou ann Ayiti ak nan yon antrepo rejyonal nan Panama. Pwovizyon sa yo ap kapab ede 125.000 moun, ladan yo gen prela, tant ak lenn. Anplis, Lakwa Wouj ap fè yon seri aktivite pou preparasyon pou katastwòf, epi alafendèfen li va fòme plis pase yon demi milyon moun nan premye swèn, pwosedi

pou fè evakyasyon ansekirite ak sistèm pou bay avètisman nan 150 kan toupatou nan Pòtoprens.

Mwayen pou Gen Pen Kotidyen ak Asistans pou Fanmi ki Resevwa lòt Fanmi Lakay yo—Pwogram Inovatif pou bay plis pase \$60 milyon dola nan asistans finansyè. Piske nesosite fanmi yo diferan, Lakwa Wouj Amerikèn pwomèt pou l bay ayisyen asistans finansyè ki nesese pou chwazi machandiz ak sèvis lokal yo bezwen pi plis yo. Nan mwa ki fenk pase yo, nou teste yon nouvo pwogram transfè lajan kach pou bay ti sibvansyon lajan kach pou fanmi ki nan kan kap itilize telefòn pòtab ak mesaj SMS. [Pou aprann plis enfòmasyon gade videyo sa a.](#) Byenke premye efò yo konsantre sou ede fanmi demenaje nan zòn ki gen anpil danje pou inondasyon yo,

“Nou felisite Lakwa Wouj Amerikèn pou vizyon li genyen pou finanse yon pwogram konsa ak pou lidèchip yo pou travay an patenarya ak yon entitisyon lokal tankou Fonkoze ki pwomèt pou li ekipe popilasyon ki nan plis nesosite ann Ayiti yo ak zouti finansyè yo bezwen pou tanpere katastwòf nan lavni.”


—Anne H. Hastings, PDG, Fonkoze

pwogram lan ap agrandi nan mwa kap vini yo pou li rive jwenn 400.000 fanmi. Se yon pwogram ki koute \$50 milyon dola. Lakwa Wouj Amerikèn ranfòse patenarya li ak Fonkoze, pi gwo entitisyon mikwofinans ki gen ann Ayiti, pou yon total \$8,2 milyon dola jiska prezan, pou li ka ede prèske 210.000 moun (gade bwat ki nan paj 4 la). Anplis, pa mwayen yon patenarya \$6,1 milyon dola ak Mercy Corps, Lakwa Wouj Amerikèn ap finanse yon pwogram kach-pou-travay, ki konsantre sou fanmi ki pa nan Pòtoprens epi ki resevwa lòt fanmi ayisyen ki pa gen kay pou rete yo.

PWOGRE NAN LOJMAN

SOUS: IASC HAITI SHELTER CLUSTER, 2010

Lakwa Wouj deja satisfè nesosite ki genyen pou lojman nan kadijans pou 625.000 moun ki chape nan tranblemandtè yo ak prela ak tant, epi lap fè pwogrè nan bati lojman tanporè oswa semi-pèmanan pou 1 65.000 moun. Lakwa Wouj ap kowòdone ak gouvènman ayisyen an pandan lap netwaye debri yo epi lap etabli dwa pwopriyete pou teren yo pou li kòmanse bati lojman tanporè an gran kantite nan kapital la.



Dlo ak Ijyèn—\$1.6 milyon dola pou bay dlo potab ak ijyèn. Pou redwi danje ki genyen pou maladi moun trape nan dlo, Lakwa Wouj Amerikèn ap depanse \$1,6 milyon dola anplis pou bay dlo ak sèvis dijjèn, epi lap amelyore sistèm egou yo pou ayisyen nan Pòtoprens. Yon pati nan pi gwo pwogram lojman semi-pèmanan Lakwa Wouj la, apeprè 165.000 moun ap benefisyè paske yap resevwa latrin pou fanmi, yap

enstale sistèm pou kolekte dlo lapli sou tètkay ak kontennè pou sere dlo. Anplis, nap travay an patenarya ak Concern Worldwide pou bati yon sistèm konplè pou egou nan yon kan ki gen 5.000 rezidan epi ki nan danje pou inondasyon. Ekip sekouris Lakwa Wouj yo ap kontinye bay dlo ak sèvis dijjèn chak jou tout kote nan peyi a pou apeprè 280.000 epi 238.000 moun youn apre lòt.

Manje ak Sèvis Dijans—Manje pou 1,3 milyon moun. Gwoup ki nan plis nesosite ann Ayiti yo depann de asistans manje depi lontan, epi nesosite sa a annik ogmante sèlman depi tranblemandtè a. Lakwa Wouj Amerikèn bay ase manje pou 1 milyon moun pandan yon mwa, prensipalman pou jenn manman yo ak timoun yo, atravè yon patenarya ak Pwogram Nitrisyon Mondyal Nasyonizini an. Lakwa Wouj bay manje pou 300.000 ayisyen pa mwayen distribisyon dirèk, san bliye distribisyon diri, pwa ak lwil.

SOTI NAN POTE SEKOU POU PASE NAN REKIPERASYON

“M renmen sa map fè a.” Nan mitan devastasyon kapital Ayiti a ak zòn ozalantou yo, Odette Mednard pale ak espwa. Li se yon koutiryè epi li gen yon ti boutik manje ki kole ak lakay li. Mednard se yon kliyan Fonkoze depi 2005. Koulyeya li se lidè gwoup nan Fonkose, li fè reyinyon kliyan regilyèman lakay li epi li bay lòt fanm ki gen antrepriz konsèy sou pwòp biznis pa yo.,

Gras a Lakwa Wouj Amerikèn ak sipòtè li yo, Odette ansanm ak jiska prezan apeprè 18.000 lòt kliyan Fonkoze—pifò ladan yo se fanm—resevwa peman yon sèl fwa pou kouvri depans ijans yo epi yo kalifye pou resevwa nouvo anpre pou remete yo sou pye yo apre tranblemandtè 12 janvyè a.

Kay Odette te kraze epi li te pèdi pifò machandiz li te gen nan boutik la pandan tranblemandtè a, men jodiya biznis lan ap grandi. “Mari m te yon mason, men li pap travay depi sis mwa. Map sipòtè fanmi an koulyeya. San Fonkoze, tout bagay tap fini.”

Poutèt siksè pwogram lan te genyen depi okòmansman, Lakwa Wouj Amerikèn double investisman li nan Fonkoze pou ede anpil lòt moun menm jan ak Odette. [Li tout istwa a.](#)



FÈ EDIKASYON SOU SANTE, TANT PA TANT

Chak maten, jou lasemenn yo, Tony Saint Germain ak yon gwoup travayè lasante menm jan avèk li wwayaje sou wout nan tèt mòn kapital Ayiti a, ki plen twou ladan pou li rive jwenn kèk nan rezidan ki pi bezwen yo.

Tony ak kolèg li yo fè pati yon efò Lakwa Wouj Amerikèn finanse pou kenbe moun ki pi nan nesosite, kap viv nan kan ki pa òganize yo, an sante otan li posib. Yo wwayaje pandan plizyè semenn de tant an tant, pou aprann rezidan yo prensip ijyèn ki ansekirite nan pwòp kay pa yo, ansanm ak kouman pou pwoteje tèt kont VIH/SIDA ak malarya.

Tony di, “Aprè 12 janvyè, moun te oblije viv youn sou lòt. Yo pat abitye viv konsa.”

Tony se yon volontè Lakwa Wouj Ayisyèn pandan dènye 24 ane ki pase yo. Men, koulyeya li se chèf ekip nan pwogram pou pwomosyon lasante apre tranblemandtè a. Se yon pwogram ki rive nan 100 kan nan vil la.

Malgre kondisyon difisil ki gen nan kan yo, Tony di li wè siy pwogrè gras a efò Lakwa Wouj yo. Men, gen anpil travay ki dwe fèt toujou. [Li tout istwa a.](#)

**ANN PALE DE ÒGANIZASYON/
MOUN KI BAY DONASYON YO**

Gen yon seri konpayi ak anplwaye ki te bay ak jenewozite pou ede moun ki chape nan tranblemandtè Ayiti a. Anpil ladan yo te ogmante pwomès charitab yo te fè a paske yo bay donasyon pou Ayiti anplis lajan yo bay pandan tout ane a pou ede fanmi ki soufri nan katastwòf ki fèt nan Etazini yo. Reprezantan plizyè konpayi ki bay donasyon te ka vizite Ayiti avèk nou epi yo te wè pèsònèlman efò nap fè pou rekiperasyon an.

Ladan yo, gen John Deere Foundation, Morgan Stanley, Target, UPS, Walmart Foundation, Microsoft Corporation, Cisco, The Coca-Cola Company ak Credit Suisse Americas Foundation.

“Mwen te enpresyone anpil ak kantite travay epi nivo detay ki genyen nan kowòdonasyon ekip Lakwa Wouj yo fè pou garanti yon enpak pozitif sou 400.000 gason, fanm ak timoun yap sèvi yo. Devouman san pran souf manm Lakwa Wouj yo montre a se yon bagay ki klè—epi se kouraj pèp yap ede a menm nan moman difisil ki egalize li sèlman.”

—Joan Steinberg, Direktè Egzekitif,
Morgan Stanley Foundation

KOUDÈY SOU LAVNI

Lakwa Wouj Amerikèn kenbe pwomès li fè pou ede ayisyen rekiperere epi rekonstwi. Byenke plan nou ap sandout ap kontinye reponn a bezwen kap chanje yo, nou sou wout pou nou depanse plis pase \$200 milyon dola vè janvyè 2011, epi rès \$468 milyon nou kolekte jiska prezan an ap la pou efò nap fè pou rekiperasyon alontèm. Nou espere bay lojman, dlo ak sèvis dijjèn ansanm ak sipò pou jwenn mwayen pou gen pen kotidyen, sante ak aktivite pou preparasyon pou katastwòf pandan twa ak senk pwochen ane kap vini yo.

Defi fanmi ayisyen yo ansanm ak gouvènman an, ONG yo ak Lakwa Wouj ap konfwonte yo gwo nèg anpil—yo gen pou rezoud kesyon pwopriyete teren yo, retire debri yo, epi fè fas ak menas siklòn ki ka fèt yo. Nan anpil sikonstans, bay asistans apre tranblemandtè a vle di bati sa ki pat egziste anvan 12 janvyè.

Pou plis enfòmasyon sou entèvansyon nou an ak lavi nou afekte yo, vizite **redcross.org/haiti**.

**SIBVANSYON LAKWA WOUJ AMERIKÈN BAY ÒGANIZASYON
KI PATNÈ LI YO**

Sèvis yo	Patnè yo	Montan
Distribisyon manje	U.N. World Food Programme (Pwogram Nitrisyon Mondyal Nasyonzini)	\$30 milyon
Lojman nan kadijans ak lojman tanporè	ACTED Habitat for Humanity Haven	\$12,5 milyon
Dlo ak ijyèn	Concern Worldwide	\$111,000
Sèvis sante	Partners in Health	\$3,8 milyon
Mwayen pou gen pen kotidyen ak asistans pou fanmi ki resevw lòt fami ki pa gen kote pou rete	Fonkoze Mercy Corps	\$14,3 milyon

MÈSI

Mèsi poutèt ou ede fanmi ki pat gen kay pou rete yo, ki te grangou e ki te pè lè tranblemandtè a te fè ann Ayiti an Janvyè a. Pou swiv entèvansyon Lakwa Wouj Amerikèn lan tout pandan lap fè pwogrè yo, tanpri vizite **redcross.org/haiti**. Ou ka resevwa enfòmasyon ajou regilyèman pa mwayen sitwèb Lakwa Wouj yo nan Mobile Apps, Blog, Disaster Online Newsroom, Flickr, Twitter, Facebook ak YouTube sites.

Ou ka ede viktim katastwòf, nasyonal ak entènasyonal yo, si w voye yon kado finansyè bay Lakwa Wouj Amerikèn. Tanpri panse pou ede Lakwa Wouj pandan lap prepare pou pwochen kadijans lan. Rele **1-800-RED CROSS** oswa vizite **redcross.org**.